

Depatman Lojman & Devlopman Kominote / Department of Housing & Community
Development (DHCD)

Pwogram Asistans Pou Ijans / Emergency Assistance (EA) Program

Règ Jeneral Pou Moun k ap Gade Timoun – 2015

1. Pou yo kapab otorize yon moun ki gade timoun, li dwe satisfè kritè pou moun k ap gade timoun nan règ jeneral sa yo.
2. Fanmi ki bezwen yon moun pou gade timoun dwe mande pèmisyon omwen de (2) jou travay avan. Fanmi ki rete nan lojman ki gen anpil moun ladan dwe mande anplwaye lojman an pèmisyon. Pou fanmi ki rete nan otèl, se anplwaye DHCD pou yo mande pèmisyon. Anplwaye otèl la ap genyen enfòmasyon pou kontakte epi y ap voye fòm yo bay DHCD pou fanmi yo. Si ou mande pèmisyon pou yon moun gade pitit ou omwen de (2) jou avan epi ou pa resevwa yon repons, sa vle di yo ba ou pèmisyon.
3. Moun k ap gade timoun yo pa dwe ap gade plis pase sis (6) timoun alafwa, epi sa gen pwòp timoun li ladan (si genyen). Nan otèl, moun nan p ap ka gade timoun pou plis pase yon fanmi (an pis fanmi pa yo) alafwa. Menm moun nan pa kapab ap gade plis pase de (2) timoun ki poko genyen dezan menm lè a. Yon moun pa kapab ap gade de (2) timoun ki gen plis pase dezan pandan l ap gade yon timoun oswa plizyè timoun ki poko genyen dezan.
4. Moun k ap gade timoun nan dwe genyen omwen 16 an, sòf si se ta gran frè, sè, oswa lòt moun ki fè pati fwaye a, ki dwe genyen omwen 14 ane. Yon gran frè, sè, oswa lòt moun ki fè pati fwaye a epi ki genyen ant 14 ak 16 ane kapab gade sèlman timoun ki pi piti pase li nan fwaye a ki rete kote yo plase a, oswa pandan l ap mennen timoun ki pi piti pou ale oswa soti nan transpòtasyon pou ale oswa soti nan lojman oswa otèl la.
5. Moun k ap gade timoun yo dwe ap viv nan yon fwaye EA nan menm lojman oswa otèl la. Anplwaye lojman an kapab otorize lòt moun pou gade timoun nan chak ka pou fwaye EA yo mete sèlman pou fanmi. Pou fanmi EA ki plase diferan kote, règ sa a vle di yon moun dwe ap patisipe nan yon pwogram lojman sou sipèvizyon menm ajans lojman ak Fwaye EA l ap gade timoun nan oswa anplwaye lojman an dwe bay pèmisyon espesyalman pou sa.
6. Tout moun ki gade timoun an akò ak règ jeneral sa yo ap fè li gratis.
7. Gadri ki kouvri nan Kontra sa a dwe fèt sèlman kote (ansanm ak diferan lokal yon lojman oswa otèl) lojman an chwazi, ki kapab chanm moun nan k ap gade timoun nan, chanm Fwaye EA a yap gade timoun yo a, oswa lòt kote ajans lojman an bay oswa yon kote yo chwazi pou gade timoun pou tout moun. Moun ki genyen pi piti pase 18 an k ap gade timoun yo pa kapab deplase timoun yo responsab pou okipe yo nan lojman oswa otèl la san yo a genyen pèmisyon espesyalman pou sa.
8. Pa dwe genyen okenn lòt timoun nan chanm kote y ap gade timoun yo san pa genyen ase sipèvizyon jan anplwaye lojman an oswa DHCD di.

9. Moun k ap gade timoun yo yon lojman dwe verifye pa gen okenn chanm ki fèmèn ak kle lè y ap gade timoun nan chanm sa a.
10. Moun k ap gade timoun yo dwe toujou respekte tout règ EA ak règ lojman ki apwopriye.
11. Moun nan a kapab gade timoun sèlman apre yo finalize ak otorize Kontra pou Gade timoun ki genyen kondisyon fòm estanda Kontra Pou Gade Timoun EA a, yon adilt nan fwaye EA timoun nan (“Paran”) ak moun ka p gade timoun nan dwe siyen epi voye ou otorizasyon anplwaye nan lojman an pou moun ki rete an yon lojman oswa anplwaye DHCD pou moun ki rete nan yon otèl. An plis, moun k ap gade timoun ak paran an ap ranpli pati pa yo sou fòm estanda Feyè Enfòmasyon Timoun EA a lè li apwopriye touswit avan li kòmanse gade timoun nan epi bay anplwaye nan lojman an kopi yo pou moun ki rete nan yon lojman oswa bay anplwaye DHCD oswa otèl la li avan li kòmanse gade timoun nan (pati anwo a sèlman) epi apre li fin gade timoun nan (fòm nan tou ranpli).
12. Yo kapab otorize moun ki konn gade timoun regilyèman davans pou rann li pi fasil pou DHCD ak paran k ap itilize fòm sa a. Yo dwe toujou fè lojman oswa otèl la konnen chak fwa moun nan ap gade timoun.
13. Yon timoun ki genyen 14 an oswa plis k ap okipe tèt li pa bezwen ranpli yon Kontra Pou Gade Timoun oswa yon Feyè Enfòmasyon Swen Timoun, menm si li dwe respekte règ jeneral pou gade timoun ki apwopriye.
14. Yon timoun 14 ak 16 ane k ap okipe yon timoun ki pi piti kote fwaye a rete oswa ki mennen timoun nan ale ak soti nan transpòtasyon deyò sit la dwe siyen yon Kontra Pou Gade Timoun menm jan ak nenpòt lòt moun k ap gade timoun.